# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव दुइ हजार चउबीस बदे कई गो राजनीतिक दलन क नेता अउर स्टार परचारक चुनावी घोषणा अउर जनसभा के जरिया से मतदाता लोगिन के अपने पारटी के ओम्मेदवार के पक्ष मे ओट दिहले क अपील कइल रहल हवे। भारतीय जनता पारटी क राष्ट्रीय महासचिव अरूण सिंह बनारस में पत्रकारन से बतियावत कहले कि ओनकर पारटी रेकार्ड ओट से जिते जा रहल हवे। उहां के कहली कि भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वाराणसी संसदीय सीट से पछिलका बेरि से बेसी ओट पइहें।

ओहि भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में पत्रकार वार्ता में कहलें कि भाजपा के संकल्प पत्र में अगिला पांच सालि खातिर सज्जो बाति के धियान में रक्खल गइल है। मोदी के गारंटी पर अस्सी करोड़ लोगिन के मुफ्त रासन मिली, अदलाति कार्रवाई में तेजी ले आवल जाई अउर सिविल कार्रवाइयो तेज होई। उहां के कहलीं कि संकल्प पत्र में फसलिनि के न्यूनतम समरथन मूल्य में बढ़ोत्तरी अउर सत्तर बरिस से बेसी उमिरि के लोगिन के मुफ्त इलाजो क बाति कइल गइल है।

समाजवादी पारटी क मुखिया अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव मुजफ्फरनगर में जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि उनकर पारटी अउर आईएनडीआईए गठबंधन क सरकार बनले पर अग्निवीर व्यवस्था खतम कइ दीहल जाई। उहां के भाजपा सरकार के नीतियन क आलोचना कइलीं अउर कहलीं कि केन्द्र सरकार एक झटका में सेना क भरती के चारि सालि तक ले समेटि दिहलस। उहां के कहलीं कि पच्छिमी उत्तर प्रदेस में चलि रहल बेयारि पहिलहीं फेरा में भाजपा क सफाया कइ देई।

बसपा अध्यक्ष अउर पूर्व मुख्यमंत्री मायावती आजु मुरादाबाद अउर पीलीभीत लोकसभा सीटि बदे चुनाव परचार कइलिनि। मुरादाबाद में उहां के कहलीं कि हम घोसणा पत्र जारी नाहीं करेलीं, हमनी के काम कइ के देखावे लीं। जो त हमार सरकार आई त देस में इतिहासिक कार कइ के देखाई। पीलीभीत के बीसलपुर में जनसभा के सम्बोधित करत उहां के दलितन, गरीबन, किसानन अउर मेहरारून के हित में बसपा बदे ओट देवे क अपीलि कइलीं।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में मतदाता लोगिन के जागरूक करे खातिर कई तरह के गतिविधियन क आयोजन हो रहल हवे। भदोही जिला में ओहां क जिलाधिकारी विशाल सिंह मोटरसाइकिलि चला के मतदाता जारूकता रैली क अगुआई कइलें। ओहां आयोजित मतदाता जागरूकता बाइक रैली अउर सभा में कई गो विभागन क करीब एक हजार अधिकारी, करमचारी अउर सिक्षक हिस्सा लिहलें। गोरखपुर जिला में ज्वाइंट मजिस्ट्रेट अउर एसडीएम सदर मृणाल अविनाश जोशी मतदाता जागरूकता वैन के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। ई वैन गांव–गांव जा के मतदाता लोगिन के जागरूक करी। सोनभद्र में जिला के रोप प्राथमिक विद्यालय क विद्यार्थी रैली अउर चित्रकला प्रतियोगिता के जरिया से मतदाता लोगिन के जागरूक कइलें। बनारस जिला में स्वीप के तहत स्कूली लइकन के अभिभावकन के ओट देवे खातिर संकल्प पत्र भेजि के भरवावल जा रहल है। महराजगंज जिला में जिलाधिकारी अनुनय झां कई गो प्रतियोगिता में चयनित लोगिन के साथे कलेक्ट्रेट सभागार में बतियवलें। उहां के सज्जो चुनल गइल लोगिन से स्वीप कार्यक्रम से जुड़ि के लोगिन के ओट देवे बदे प्रेरित करे क अपीलि कइलीं।

**********

रामनौमी के दिन्ने सतरह अपरैल के दुपहरिया बारह बजि के सोरह मिनट पर सूर्य क किरण रामलला के ललाट पर पांच मिनट खातिर पड़ी अउर उनकर तिलक करी। एकरे बदे वैज्ञानिक लगतारे अभ्यास कइ रहल हवें। ई जनकारी श्री राम जन्मभूमि मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र दिहलें। उहां के श्रीराम जन्मोत्सव के इंतिजाम क निगरानी करे अजोध्या पहुंचल रहलें। उहां के बतवलीं कि राम मंदिर निरमाण से जुड़ल सज्जो कार दिसम्बर दुइ हजार चउबीस ले पूरा हो जाई।

**********

रामनौमी मेला पर अजोध्या जाये वाले सरधलुअन के सुविधा खातिर परिवहन निगम की ओरि से सोम्मार से सटल बस सेवा सुरू होई। निगम, चारबाग, कैसरबाग अउर अवध बस स्टेसन से हर घंटा बस चलाई। निगम के हिसाबि से बीस अपरैल ले अजोध्या बदे करीब पचास बस चलावल जई। लखनऊ से अजोध्या जाये वाली बस बाइपास स्थित अजोध्या धाम बस स्टेसन पहुंचाई। लखनऊ से अजोध्या जाये वाली बसन के राहि में कउनों बदलाव नाहीं कइल गइल है। चारबाग से, बीस से जियादा बस, जबकि आलमबाग अउर कैसरबाग से पनरह–पनरह बस चलावल जइहें।

**********

चइत नवरातर के सतवां दिन्ने विंध्याचल के प्रसिद्ध सक्तिपीठ के ले के प्रदेस के कई गो देवी मंदिरन में आजु भिन्नहियें से सरधालु दरसन–पूजन कइ रहल हवें। विन्ध्याचल धाम में नवरातर मेला में सरधलुअन क भारी भीड़ि लागल है। ओहां आजु राति में महानिसा क पूजा होई, जेहमें साधु–संत के अलावा तांत्रिको हिस्सा लेवे लें। भारी भीड़ि के देखत धाम में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल है।

**********

लोक संस्कृति के संवर्द्धन बदे कुशीनगर जिला में जोगिया जनूबी पट्टी गांव में काल्हि देर संझा सुरू भइल लोकरंग महोत्सव के दुसरका दिन्ने एगो संगोस्ठी क आयोजन कइल गइल। लोक संस्कृति में समावेसी बिसय पर आयोजित येह संगोस्ठी में कई गो सीनियर सिक्षाविद् अउर बिचारक हिस्सा लिहलें।

**********